

# Pwoteje Tèt ou nan yon Degèpisman

## **Si w ap fè fas ak yon degèpisman, itilize enfòmasyon sa yo pou w pran aksyon pou pwoteje lòjman ou**

Nan eta Massachusetts, ou pa gen dwa ak yon avoka si w ap fè fas ak yon degèpisman. Anpil moun oblige reprezante tèt pa yo.

Sa a se premye nan 15 livre ki fèt pou ede w reprezante tèt ou si w ap fè fas ak yon degèpisman nan eta Massachusetts. Livre sa yo gen ladan yo enfòmasyon pratik konsènan ki etap ou bezwen pran pou w pwoteje dwa w yo, tankou kisa ou bezwen fè anvan ou ale nan tribinal la. Livre sa yo pa kapab ranplase wòl yon avoka.

### **Eseye pou w jwenn èd jiridik**

Eseye jwenn yon avoka ositou ki posib. Itilize Zouti Massachusetts pou Twouve Resous Jiridik : [MassLRF.org](http://MassLRF.org)

Ou gen dwa ka jwenn èd jiridik gratis nan men pwogram èd jiridik lokal ou a. Si w pa ka jwenn yn avoka nan pwogram èd jiridik lokal ou a, rele asosyasyon ba lokal ou a epi mande pou pwogram referans avoka yo a. Jwenn asosyasyon ba lokal ou anliy. Si w pa gen yon òdinatè, ale nan bibliyotèk lokal ou pou w jwenn aksè ak yon òdinatè.

Yon avoka ka :

- a. Ba w konsèy ki apwopriye pou w selon sityasyon ou.
- b. Ranpli epi remèt dokiman tribinal yo pou w.
- c. Reprezante w epi ale nan tribinal la avè w.
- d. Pale ak jij la epi ak pwopriyetè ou oswa avoka pwopriyetè ou.

Gen kèk Tribinal Lòjman ki gen Pwogram Avoka pou yon Jounen. Pwogram Avoka pou yon Jounen an kapab pèmèt ou benefisyé ak konsèy epi yon ti èd pou yon ti tan. Si w deja nan tribinal la, mande pèsonèl tribinal la oswa jij la kòman w ka jwenn pwogram Avoka pou Jounen an nan tribinal yo a.

LIVRE

1

# **15 livre pou ede w reprezante tèt ou**

---

## **Livre 1: Pwoteje Tèt ou nan Ka yon Degèpisman**

Ki etap pou w pran anvan w ale nan tribunal la epi kisa pou w pòte avè w lè w al nan tribunal la

## **Livre 2: Lis Verifikasyon Kòd Lòjman an**

Ki kondisyon ki vyole Kòd Sanitè Eta a

## **Livre 3: Repons lan**

Kòman pou w defann tèt ou epi esplike bay tribunal la poukisa yo pa ta dwe mete w deyò nan kay la

## **Livre 3A: Repons ak Dekouvèt Anreta**

Kòman pou w mande tribunal la pou l aksepte fòmilè Repons ak Dekouvèt ou yo anreta

## **Livre 4: Dekouvèt**

Kòman pou w jwenn enfòmasyon pou ede w prepare pou pwosè nan tribunal la

## **Livre 4A: Dekouvèt pou lokatè ki nan kay ke labank pral sezi yo**

Kòman pou w jwenn enfòmasyon pou ede w prepare pwosè la

## **Livre 5: Transfè**

Kòman pou w transfere yon pwosè nan Tribunal Lòjman an

## **Livre 6: Siprime yon Defo**

Kòman pou w jwenn yon nouvo dat pou parèt nan tribunal la si w te rate premye randevou a

## **Livre 7: Apèl**

Kikote pou depoze yon apèl si w te pèdi pwosè w la

## **Booklet 7A: Apèl**

Kòman pou w depoze yon apèl pou yon ka ki nan yon Tribunal Lòjman

## **Livre 7B: Apèl**

Kòman pou w depoze yon apèl pou yon ka ki nan yon Tribunal Distri

## **Livre 8: Ranvwa**

Kòman pou w rete lakay ou si w te pèdi ka w

## **Livre 9: Afidavi Endijans**

Kòman pou w mande tribunal la pou peye pou depans tribunal yo

## **Livre 10: Negosye yon Règleman pou Pwosè w**

Kòman pou panse sou kisa ou vle kòm tèm ak kondisyon nan yon akò

## **Livre 11: Fòmilè Koreksyon Erè**

Kòman pou w korije erè nan dokiman tribunal anliy ou yo.

Pou mizajou onivo livre sa yo, verifye sou [MassLegalHelp.org](http://MassLegalHelp.org)

# **Kisa m bezwen konnen konsènan kòman pou reprezante tèt mwen ?**

---

## **Ou pa oblige demenaje jiskaske yon jij di w pou w kite**

**Ou pa oblige sòti nan kay la** sèlman poutèt pwopriyetè ou te di w pou w sòti nan kay la, oswa si l te voye yon aví pou kite ba w, oswa si li te voye yon Pwosesis Rezime Demann pou Parèt ak Plent ba w.

Ou **sèlman** oblige sòti nan kay la **si tribinal la òdòne w** pou w sòti.

Si pwopriyetè ou vle pou w sòti nan kay la, **fòk li**:

1. Voye yon lèt ba w ki rele Avi pou Kite a epi ki eslike ke l ta renmen ou sòti nan kay la
2. Ale nan tribinal la,
3. Genyen pwosè degèpisman an, epi
4. Jwenn yon enjonksyon nan men jij la.

## **Li tout dokiman tribinal la voye ba w yo**

Si yon jandam oswa yon ajan tribinal la ba w yon dokiman jiridik ki rele **Demann pou Parèt ak Plent** li dokiman yo ak swen.

Pwopriyetè w **sèlman** gen dwa fè jandam nan oswa ajan tribinal la ba w yon **Demann pou Parèt ak Plent** si :

- Delè ki sou **Avi pou Kite a** deja pase, oswa si
- Kontra lokasyon w deja ekspire.

Fòmilè Demann pou Parèt ak Plent nan di w :

- Non ak adres tribinal ki pral tande pwosè w la.
- Ou dwe depoze yon Repons 3 jou ouvrab anvan "premye evènman tribinal" ou a.

**Ou ta dwe resevwa yon avi nan lapòs la nan men tribinal la** anviwon 1 semèn apre w resevwa Demann pou Parèt ak Plent nan. Avi a ta sipoze di w dat ak lè premyè odyans ou nan tribinal la. L ap di w an menm tan tou si odyans lan pral fèt an fizik oswa sou Zoom.

**Ale nan tribinal la, oswa ou pral pèdi pwosè w otomatikman !**

## **Èske w ap viv nan movèz kondisyon ?**

Si w gen movèz kondisyon lakay ou, tankou sourit, chòfaj la pa mache oubyen li pa genyen, oswa si kay la koule, li enpòtan pou dokimante pwoblèm sa yo. Si pwopriyetè ou okouran de kondisyon sa yo, ou gen dwa kapab anpeche yon degèpisman si w degèpisman an ap fèt poutèt ou pa peye kòb lwaye a oswa si se yon degèpisman san fòt. Yon degèpisman san fòt

se lè pwopriyetè a pa bay yon rezon pou degèpisman an oswa li bay yon rezon ki pa depann de ou. Pa egzanp, pwopriyetè a gen dwa ap mete w deyò paske li vle vann pwopriyete a.

Itilize **Livre 2 : Lis Verifikasyon Kòd Lòjman an** pou ede w detèminen si gen pwoblèm nan kay la ke pwopriyetè ou ta dwe ranje. San pèdi tan, mete pwopriyetè a okouran de pwoblèm sa yo alekri nan yon lèt, yon SMS oswa yon imèl – menm si w te deja pale pwopriyetè w de pwoblèm sa yo. Ou ka pale ak enspektè lòjman minisipal ou a tou san pèdi tan epi mande pou yon enspeksyon nan kad kòd lòjman an.

## **Fin ranpli fòmilè tribunal ou yo**

**Konplete Repons ou.** Itilize fòmilè Repons ki nan **Livre 3 : Repons** oswa zouti Repons gratis anliy de Massachusetts Defense for Eviction (**MADE**) : [GBLS.org/MADE](http://GBLS.org/MADE)

**Fini ak Dekouvèt ou.** Fòmilè Dekouvèt la pèmèt ou mande enfòmasyon ak dokiman **nan men pwopriyetè ou** pou ede w genyen pwosè a. Itilize fòmilè ki nan **Livre 4 : Dekouvèt** oswa itilize **MADE** pou ede w fin ranpli yon fòmilè Dekouvèt : [GBLS.org/MADE](http://GBLS.org/MADE)

## **Prepare pou dat pwosè w nan tribunal**

Anvan ou ale nan premye odyans ou nan tribunal la :

- Itilize **Lis Verifikasyon sa pou Pòte nan Tribunal la** ki nan livre sa a pou ede w òganize tout bagay ou bezwen vin avèk yo. Youn nan bagay ki pi enpòtan pou w fè se pou w vini ak tout bagay ki ekri sou lis verifikasyon sa a.
- **Pale de sa ki pi enpòtan pou w.** Ou menm ak pwopriyetè ou a gen dwa antre nan yon medyasyon pou n eseye regle pwosè nou an. Itilize **Livre 10 : Negosye yon Règleman de Pwosè w** pou ede w panse sou ki tèm ou vle enkli nan yon akò. Apre sa a, w ap pre pou w di medyatè a kisa w bezwen. Pa egzanp, ou gen dwa aksepte pou w peye yon pati nan kòb lwaye ke w dwe a si pwopriyetè ou fè reparasyon ki nesesè yo, epi selman si kondisyon ke w gen dwa rete lakay ou toujou.

## **Ale nan tribunal la**

**Si w pa asiste odyans pwosè w nan tribunal la, ou pral pèdi pwosè w la.** Jij la gen dwa egzije w pou w sòti nan kay la rapid. Ou gen dwa gen obligasyon pou w sòti nan kay la mwens ke 2 semèn apre dat odyans lan nan tribunal la.

Menm si w fè yon akò ak pwopriyetè ou anvan dat premye odyans ou nan tribunal la, fòk ou ale nan tribunal la kanmèm. Ou ta sipoze asire w ke akò a "aksepte pa tribunal la."

Lè w ale nan tribunal la ou gen dwa santi w pè pou w pale pou tèt pa w. Men plis ou prepare, plis w ap gen kapasite pou w di medyatè a oswa jij la sa w bezwen.

Menm si medyatè a oswa pwopriyetè a gen yon ide sou kòman pou l rezoud pwosè w la, ou pa oblige dakò avè l. Ou ka toujou pale ak yon jij.

- Pa aksepte pou w sòti nan kay la si w pa gen yon lòt kote pou w viv.
- Pa aksepte pou w peye yon montan lajan ki plis pase sa w ka bay.

Si w pa fè yon akò ak pwopriyetè ou a, asire w ke w pran yon kòpi ki siyen pa toulede pati yo. Konsève akò a nan yon lokal ki sekirize.

Si w pa rive jwenn yon antant ak pwopriyetè a, ou ka pale ak yon jij. Ou gen dwa ka konvenk jij la pou kite w **rete lakay ou**. An menm tan tou, jij la ka egzije pwopriyetè ou a pou l :

- Fè travay reparasyon yo.
- Redwi kòb lwave ou pa t peye a poutèt movèz kondisyon ki genyen nan apatman ou.
- Kite w rete lakay ou pou plis tan, pandan w ap fè yon demann pou w jwenn èd ak kòb lwave a.
- Kite w rete lakay ou pou plis tan, pandan w chache yon lòt kote pou w rete.
- Peye w lajan, si w pwouve ke pwopriyetè ou a te vyole kèk lwa byen detèminen.

Lè se tou pa w pou w pale ak jij la, di sa w gen pou di a nan yon fason ki senp epi bref.

- Fokis sèlman sou enfòmasyon ke w te mete nan Repons ou.
- Montre jij la dokiman ou te pòte avè w yo.
- Rele temwen ki ka temwanye sou evènman oswa konvèsasyon ki enpòtan pou pwosè w la.
- Se pou w klè konsènan bagay w ap mande jij la pou l òdone yo.

## **Èske w te rate dat odyans lan ?**

Si w te rate dat odyans degèpisman w lan, depoze fòmilè yo ki nan **Livre 6 : Sipresyon yon Defo**. Depoze fòmilè yo san pèdi tan. Ou gen dwa toujou gen yon òpòtinite pou w ka di jij la poukisa yo pa ta dwe mete w deyò lakay ou.

## **Pa abandonnen menm si ou pèdi pwosè w la**

- **Fè yon Apèl**  
Si w panse ke jij la oswa jiri a te pran yon move desizyon pandan odyans lan, ou gen dwa *fè yon apèl* pou pwosè w. Gade **Livre 7, 7A, ak 7B : Apèl**.
- **Ranvwa**  
Si w te pèdi pwosè a men ou bezwen plis tan pou w demenaje, ou ka mande tribunal la pou retade oswa "ranvwaye" degèpisman an. Gade **Livre 8 : Ranvwa**.

## **BON CHANS !**

## **Lis Verifikasyon : Kisa pou w vin avèk nan tribinal la**

---

- **Tout dokiman ki konsènen pwosè degèpisman an.**  
Papye tribunal yo, avi degèpisman an (*avi pou kite*), avi nan men tribunal la.
- **Kòpi rapò enspeksyon oswa sitasyon nan men Komite Lasante oswa otorite lòjman an.**  
Mande Komite Lasante a oswa Depatman Sèvis Enspeksyon an pou yo sètifye yon kòpi rapò enspeksyon an konsènan apatman w lan. Sa vle di ke moun ki te enspekte apatman w lan sètifye "sou pèn pèji" ke rapò a vre. Sa vle di an menm tan tou ke tribinal la gen dwa konsidere rapò a kòm yon fòm de prèv oswa evidans. Ou pa oblige vini ak yon enspektè pou temwanye konsènan kondisyon yo.
- **Foto de kondisyon yo oswa pwoblèm yo nan apatman w lan.**  
Enprime foto de movèz kondisyon yo, si odyans ou a pral fèt nan tribunal la. **Se pa ase pou w sèlman gen yon foto sou telefòn ou.** Ekri dat ou te fè foto a sou do chak foto ak yon bik. Si odyans ou a pral fèt sou Zoom, rele biwo grefye a pou w ka mande yo kòman pou w voye foto yo elektwonikman. An menm tan tou ou ka itilize [MADE: Up To Code](#) pou dokimante movèz kondisyon yo avèk telefòn ou nan [MADEUpToCode.org](#).
- **Kontra lokasyon ou oswa yon lòt akò lokasyon alekri,** si w gen youn.
- **Enfòmasyon konsènan montan kòb lwaye ou.**
  - \_\_\_\_ Resi oswa chèk pou lwaye ki deja anile.
  - \_\_\_\_ Papye de Depatman Èd Tranzisyonnel ki montre nenpòt peman yo te fè.
  - \_\_\_\_ Detèminasyon lwaye a oswa papye resètifikasyon nan men otorite lòjman oswa pwopriyetè a.
  - \_\_\_\_ Prèv ke w ap fè yon demann pou èd lokatif.
  - \_\_\_\_ Depo garanti ak resi oswa relve pou lwaye dènye mwa a.
- **Lèt ou te voye bay pwopriyetè a.** Si w te voye imèl oswa mesaj SMS, enprime yo si odyans ou pral fèt an pèsòn.
- **Avi oswa lèt nan men pwopriyetè a.**
- **Papye nan men yon ajans lòjman konsènan lokasyon ou.**
- **Fakti oswa avi pou gaz ak lòt sèvis minisipal yo,** si gen yon pwoblèm ak sèvis minisipal yo ki fè pati pwosè w la.
- **Nenpòt lòt dokiman oswa papye ou panse ki gen rapò ak pwosè w** epi ke w ta renmen montre medyatè a oswa jij la.
- Si w gen yon andikap ki enpòtan pou pwosè w la, vini ak **yon lèt doktè w te ekri pou w ki eslike andikap ou a.**
- **Temwen ki ka temwanye konsènan evènman oswa konvèsayon yo te wè oswa tandé.**